

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun unsur objéktif, mimétik, jeung aspék sosial dina kumpulan carita budak *UdM*.

Hasil analisis objéktif tina kumpulan carita budak *UdM* karya Tétti Hodijah, kapaluruh sababaraha unsur intrinsikna nu ngawengku galur, latar, palaku jeung watek, jihat sawangan, jeung téma. Galur dina kumpulan carita budak *UdM* ieu téh nyaéta genep carpon ngagunakeun galur maju, hiji carpon ngagunakeun galur mundur, jeung tilu carpon ngagunakeun galur campuran.

Sacara gurat badag, latar tempat nu kapaluruh dina kumpulan carita budak *UdM* nyaéta di imah, iwal carita kahiji nyaéta di masjid, carita katilu di leuweung, carita katujuh di monunén, jeung carita kasalapan di SLB. Latar waktu nu kapaluruh dina kumpulan carita ieu téh béda-béda. Lima carita ngagambarkeun kaum sosial panengah, jeung lima carita deui ngagambarkeun kaum sosial luhur. Palaku jeung watek dina kumpulan carita budak ieu gé béda-béda, unggal carpon tangtu miboga palaku utama jeung palaku tambahan, sarta miboga watek nu béda-béda ogé. Watek palaku utama nu antagonis kapaluruh dina carpon ka kalima, kagenep, jeung kasapuluh. Watek palaku utama nu protagonis kapaluruh dina carpon kahiji, kadua, katilu, kaopat, katujuh, kadalapan, jeung kasalapan. Palaku tambahan dina sakabéh kumpulan carita budak *UdM* nyaéta protagonis. Jihat sawangan jalma kahiji kapaluruh dina carita kadua, kaopat, kalima, kagenep, sedengkeun jihat sawangan jalma katilu kapaluruh dina carita kahiji, katilu, katujuh, kadalapan, kasalapan, jeung kasapuluh. Téma nu kapaluruh dina kumpulan carita *UdM* nyaéta sosial barudak, sabab sakabéh paripolah barudak nu keur meujeuhna ulin, boh jeung sobatna, boh ngulinkeun cocooanana, atawa ulin jeung kulawargana.

Hasil analisis mimétik kapaluruh dina sakabéh kumpulan carita budak *UdM*. Sakabéh carita miboga unsur mimétik, nu ngagambarkeun kanyataan

dina kahirupan sapopoé di dunya nyata. Boh kanyataan jaman baheula, boh kanyataan sarta kabiasaan jaman kiwari. Lolobana ngagambarkeun kanyataan sarta kabiasaan barudak nu keur meujeuhna ulin. Sakabéh carita miboga konflik nu karandapan ku barudak boh baheula boh jaman ayeuna.

Hasil analisis pragmatik nu museurkeun ieu panalungtikan ka pamaca nyaéta buku kumpulan carita budak *UdM* loyog jeung karakteristik sastra anak, ogé loyog dibaca ku barudak nu umurna kurang ti 12 taun.

Hasil analisis aspék sosial nu kapaluruh kabagi jadi tilu, nyaéta aspék sosial agama, ékonomi, jeung atikan. Aspék sosial agama kapaluruh dina lima carita nyaéta carpon kahiji, kadua, katilu, kadalapan, jeung kasalapan. Aspék sosial ékonomi kapaluruh dina carita ka opat, kalima, kagenep, kadalapan, jeung carita kasapuluh. Sakabéh carita ti mimiti carita kahiji nepi ka carita ka sapuluh miboga aspék sosial atikan.

5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkérán, sanajan kitu dipiharep kaonjoyan tina ieu panalungtikan bisa ngabeungharan pangaweruh ngeunaan ulikan sastra Sunda, utamanana dina ulikan objéktif, mimétik, jeung pragmatik, sarta dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan dina widang sastra barudak ku cara medar aspék sosialna.

5.3 Rékoméndasi

Rékoméndasi tina hasil panalungtikan ieu téh ditujukeun pikeun panalungtik jeung masarakat. Pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi babandingan, sarta ngaguar sababaraha aspék nu can kapaluruh. Pikeun masarakat dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan dina widang sastra anak, ogé numuwuhkeun karep jeung karesep maca karya sastra bacaan barudak.